

Mèsi Poutèt Ou Voye Pake Renouvèlman Medicaid Ou a

Chè [recipient name]:

Mèsi poutèt ou konplete pake renouvèlman Medicaid ou a! Nou resevwa dokimantasyon w yo epi kounyeya ekip nou an ap revize dokiman w bay yo.

Yon fwa nou fin revizyon nou an, ou pral resevwa yon Avi sou Desizyon Benefis.

Nou vle pou w konnen ke pwosede revizyon an pral pran yon ti tan anvan pou n konplete l. Ou ka pa resevwa okenn nouvèl tousuit. Ou pa bezwen rele Depatman Sèvis Sosyal oswa HealthSource RI pou jwenn dènye nouvèl. Toutotan w poko tandè bwi nou, kouvèti asirans ou a pral rete aktif.

Si w gen yon kont anliy, ou ka tcheke estati renouvèlman Medicaid ou nan www.healthyrhode.ri.gov oswa si w itilize aplikasyon mobil HealthyRhode la. Konekte w nan kont ou. Lè w fin konekte w, wap wè “My Renewal Information” (Enfòmasyon Renouvèlman Mwen) kap afiche.

Kisa Ki Ka Rive Si Yo Te Resevwa Enfòmasyon W Apre Dat Limit La

Li enpòtan pou w konnen ke si w voye pake renouvèlman w lan apre dat limit ki make nan avi renouvèlman Medicaid ki jòn nan, petèt ou ka te resevwa (oswa w pral resevwa byento) yon Avi sou Desizyon Benefis ki di ke w pa elijib pou Medicaid. Lè nou fin fè revizyon dokiman w yo ki anreta a, si nou detèmine ke w elijib pou Medicaid, nap retabli kouvèti Medicaid ou a.

Pou ka konn plis bagay sou opsyon kouvèti w la pandan nap revize dokiman sa yo ki rive anreta, rele HealthSource RI (HSRI) de 8 a.m. a 6 p.m. jou lasemèn yo nan 1-855-840-4774.

Nap di w mèsi ankò poutèt ou soumèt enfòmasyon w yo.